
Нур
6+
ISSN 0207-6551
9
2020
6+

# ГЪЭ ЕДЖЭГЪУЭМ ЩIИДЗЭЖАЩ!

Ди еджакIуэ цIыкIухэ! ЩIэныгъэм нэхъ мылъку лъапIэ цIыхум иIэкъым. Ар балигъхэм псоми къыдгуроIуэ. Дэри фи ныбжь дитащ, еджэныр къыщцыдэхьэлъэкIаи дыщытехьэулеикIаи куэдрэ къэхъуащ икIи… дызыхуемыджам, и чэзууэ къэдмыщIам сытым хуэдэу дыхущIегъуэжауэ дриукIытэжрэ! ЩIэныгъэ зыбгъэдэлъ цIыхур гушхуауэ, и щхьэ Iэтауэ, зыхыхьэм пщIэ къыхуащIу гъащIэм зэрыхэтым гу лъыфтэрэ? ФыщIэныгъэншэу ди ныбжь фынэсмэ фыщIегъуэжынущ, балигъхэри дывгъэкъуэншэжынущ. Дэ «феджэ, феджэ», жытIэрейуэрэ а псалъэм къару щIэмылъыж хъуащи, иджы ди чэнджэщхэмкIэ дывдоIэпыкъу. Фи ехъулIэныгъэхэмкIэ дывгъэгуфIэу гъэ еджэгъуэщIэр тхьэм иривигъэхьэкI!

***НУР***

## ЩIЭНЫГЪЭМ И IЭПIОХУЭ НАСЫПЫР ИСЩ

### чэнджэщхэр

● ЕджакIуэм уи гъэмахуэ жэщцысымрэ пщэдджыжь жей IэфIымрэ я пIальэр икIащ. Иджы жьыуэ укъэтэджынущи, уи жейр иримыкъуауэ уеджэфыну?.. Уэри уощIэ уи зэманыр пщIэншэу зэрыкIуэдынур. Псом япэрауэ, **уи жейр зэтегъэувэж**.

● **ТелефонкIэ джэгуныр гъэмащIэ**. Абы пIех уи нэ жаныр, уи зэманыр, къарур. Школым пэIэщIэу (дистанционнэу) уеджэн хуей хъуми, компьютерымрэ телефонымрэ пIэщIэмыкIыххэу укъэнэнущи, уи нэгу къыщIэгъэхьэ абы я зэрану къокIынур зыхуэдизыр!

● **Махуэгъэпсым** сытым хуэдэу узэщIикъуэрэ! Махуэ къэскIэ пщIэн хуейр абы итхэ, пщыхьэщхьэкIэ ириплъэжи дамыгъэ зыхуэгъэувыж (+ ; -; ?; !; )

● Махуэгъэпсым сатыритIу къетхых Iэмал имыIэу блэжьын хуеймрэ уи Iуэхум щыщу хэбгъэщI хъунумрэ. Япэрей сатырым итыр бгъэзэщIэфрэ етIуанэми хэбгъэщIмэ, «**Афэрым!**» зыжепIэжынущ.

● «Сыхуейщ»-рэ «**СщIэн хуейщ**»-рэ къыхэпхынур щумыщIэм и деж етIуанэр тегъакIуэ!

● «**Принцип Парето**» зэрыщыIэр уигу игъэлъ. Iуэхуу блэжьын хуейр 100%-у къапщтэрэ абы и 20% бгъэзащIэмэ, 80%-мкIэ уохъулIэ!

## Унэ лэжьыгъэхэр тыншу дощIыж

● Унэ лэжьыгъэхэм яхэплъи, нэхъ гугъур, зэман нэхъыбэ зытекIуэдэнур япэ игъэщ. Уемышауэ, уи щхьэр фIыуэ лажьэу ар хэбгъэщIмэ, уи гузэгъэгъуэм адрейхэри псынщIэ пщищIынущ. Къэнам зэман нэхъ мащIэщ текIуэдэнур, Iуэху зэхэдзыкIэми хуэIэзэ ухъунущ.

● **ЛИТЕРАТУРЭ**. Тыншу усэ гукIэ зэрызэбгъэщIэнум Iэмал зыбжанэ иIэщ:

а) усэфI куэдым макъамэ щIалъхьэри уэрэд хъуащ (С. Есенин, И. Бродский…) . Уэрэдыр интернеткIэ къэгъуэти уедаIуэурэ нэхъ тыншу усэр уигу иубыдэ;

б) усэм гъэхуауэ укъеджэу диктофоным тетхи къебгъауэурэ едэIуэж, дэжыIэ;

в) усэр сатыр плIырыплIу зэпыуд. Ар зытеухуам, къиIуатэм уегупсысурэ и япэ сатыритIым къыщежьи, тIур зэбгъэщIэху укъеджыхыурэ уигу иубыдэ. Зэман дэгъэкIи гукIэ къэпщытэж.

● **ТХЫДЭ**. Мыбы гум иубыдэн хуей куэд хэтщ. Параграфыр Iыхьэ зыбжанэу зэпыудащи, Iыхьэ къэскIэ укъеджэм, нэхъыщхьэу пщIэн хуейр тхылъымпIэм тептхэурэ псоми ирикIуэ. УщытепсэлъыхьыжкIэ пщыгъупщэIамэ а птхам хукъуэплъурэ къэгубзыгъыж.

**МАТЕМАТИКЭ**. Мыр нэхъ гугъу дыдэм ящыщщи япэ ибгъэщ хъунущ. Унэ лэжьыгъэу къуата есэпхэр нэхъ тыншым къыщожьэри гугъу хъууэрэ макIуэ. Нэхъ гугъу дыдэм занщIэу яужь уимыхьэ. Есэп псоми япэ щIыкIэ ириплъэ, егупсыси нэхъ тыншым къыщегъажьэ. Ахэр зэпыщIа хуэдэщи тыншыр пщIыжыху гугъуми уи гупсысэр (уэ зыхыумыщIэжу) хуэлажьэурэ, абы унэса иужь нэхъ гурыхьи нэхъ тынши пщыхъунущ.

**АДЫГЭБЗЭ**. Адыгэбзэм и макъ куэдым мыхьэнэ зыбжанэ яIэщи (гу, ку, фI, жь, лI…) уегупсысурэ укъеджэмэ, ахэр «къопсэлъэнущ», къыбгурымыIуэм ухуашэнущ. Щапхъэ: **хъ**-**хъ**ы-**хъ**ар-бэджы**хъ**-**хъ**арпщIэр-зэры**хъ**э-**хъ**агъэ-**хъ**эрэмэ**хъ**ищэ;

**ХАМЭ КЪЭРАЛЫБЗЭ**. Хамэбзэ псалъэхэр щызэбгъащIэм и деж а укъызэджэ псалъэщIэхэм ещхьу зэхэпхаIамэ уигу къэгъэкIыж. Бзэхэм псалъэ куэд «щызэIэпах» щыIэщи, псалъэщIэм и мыхьэнэр пщIэуэ къыщIэкIмэ, нэхъ тыншу уигу иубыда хъунущ. Мыбдежми IэмалыфI дыдэщ хамэбзэ текст куэд уедэIуэныр.

«5» защIэкIэ феджэну сывохъуэхъу.

Елэжьар ***ХЪУЭКIУЭН Фатимэщ***

**ЩОМАХУЭ Амырхъан**

## ШКОЛ ЗИ ЩЫПЭКIУЭХЭР

**Гуфlэгъуэшхуэ я нэгу щlэту**
**Цlыкlухэр нобэ нэху къекlащ.**
**Уэфlу, дыгъэр къащхьэщыту,**
**Я уэрамхэм къыдыхьащ.**

**Бжьыхьэ махуэр ягъэлъапlэ,**
**Школым нобэ я щыпэкlуэщ.**
**Хуокlуэ пlащlэу я хъуэпсапlэ,**
**Нэжэгужэ-нэкlуэпакlуэщ.**

**Я нэхъыжьхэм ядэщlыгъуу,**
**Формэ дахэхэр ящыгъыу,**
**Удз гъэгъар я lэплlэм изу,**
**Макlуэ я гум гуфlэр щызу.**

**«Фыкъеблагъэ, фыкъеблагъэ!»-**
**Егъэджакlуэр ахэм lуощlэ.**
**Удз гъэгъахэмкlэ щlагъанэ,**
**Гукlэ ахэр зэкlэропщlэ.**

**Еджэ, еджэ, зи школ кlуэгъуэ,**
**Зи гъуэгу дахэ, зи гъуэгу нахуэ!**
**Уиlэщ школу унэ дэгъуэ,**
**Уэ щlэпхъауэ лъапэ махуэ!**





# Зэшыпхъуиплӏым я хъыбар

Зэшыпхъуиплӏ псэурт. Щӏымахуэ нэхъыжьт. Ар нэкъуэлэн дахэу щытагъэнут, ауэ и нитӏыр «упщӏыӏуат», и щхьэцри хужьыбзэу къетхъухри бзаджафэ къытеуат. Щӏымахуэ апхуэдизкӏэ щӏыӏэрысти, зэпымыууэ цыхъар зэрихъэу и шэнтжьейм ист. Дунейри щӏыӏэм ис и гугъэт абы: и цыхъар хужьымкӏэ ихуэпат къурши, тафи, жыги, уни... цӏутӏ къыжраӏэну хуимыту. Абы макъ лъэпкъ зэхихыну зэрыхуэмейр ящӏэрти, псори щымт, зэщӏэдия хуэдэу. Щӏымахуэ псэлъэн щӏижагъуэр и дзэхэр зэрыӏухуарат. Дзахъэм и унафэр фийм хуэкӏуэрти, ауан къащӏу къыщыхъурт. Абы къыхурикъур Псыежэх цӏыкӏурт. Щӏымахуэ ари ихуэпэну яужь ихьэмэ, зригъэхуапэртэкъым. Губжьу щӏэфиеми, мо шкӏурэр къешхыдэжырт къэкъуалъэу. Псыежэх гу къабзэ-псэ пцӏанэ фӏэфӏтэкъым Щӏымахуэ зэрыгущӏыӏэр, арат а тӏур зэи щӏызэгурымыӏуэри.

Зэшыпхъуиплӏым я нэхъыщӏэ дунейгъатхъэ «Гъатхэ дахэрытхэ» хужаӏэрт. А сабийр апхуэдизкӏэ дрипсырийт, пкӏатэ-лъатэти, джалэрей – гъринэжь цӏыкӏут. Итӏани Гъатхэ и гурыфӏ къикӏмэ, дуней псор игъэгуфӏэфырт: и бэхуцей хужьыбзэр бырыбу ар къафэм щыуфэразэт, и дыхумэр жьым зэрихьэт, бжьэхэр зэрызехьэт, жейр къигъэушт, бзухэр игъэушэрт, у-уо-оуу!



Гъэмахуэ гурыхуэ а плӀым я нэхъ дахэт, щӀым теуэу едзыха и щхьэцым удз гъэгъа хэухуэнарэ и нэкӀущхьитӀыр дыхьэрэну. Ар псоми я плъапӀэт,къытеплъэр къытелӀэрт, лӀэнкъэнэну Дыгъэ игъэфӀа пщащэт. Гъэмахуэ гугъуи зримыгъэхьт, куэди зэримыгъэзахуэт: дыгъэпс хъыринэ ещӀэу, бзум яхуэусэу, къыхуаусыжым ежьуу и гъащӀэ щхъуэкӀэплъыкӀэ гурыхьыр игъакӀуэрт.

Бжьыхьэ-фӀыгъуэзехьэ нэхъ гурыхьи нэхъ хьэлэли а плӀым яхэттэкъым, нурыр къыӀурихыу. Ар езым къыгурымыӀуэжу, абы Гъэмахуэ нэхъ фӀэдахэт, ехъуапсэт... АпхуэдизкӀэ ӀэпщӀэлъапщӀэт Бжьыхьи, зэӀусэм псэхилъхьэрт, зытеплъэр идт, идарекӀупст. Зэм-плӀэ къащхъуэ-кӀэ щхъуантӀэу, зэм-бэхуцей плъыжь баринэу, зэми дыгъэпэлыд дыщэ тажыр и щхьэцыгъуэм къыхэцӀуукӀыу къежьэнт. Абы и щыгъынхэм я нэхъ дахэр и адыгэ фащэрати, дыщэ пыӀэм къепхъуха шылэхъарыр бэджым я нэхъ Ӏэпэхъ Ӏэзэм зэрихъа хуэдэт! Апхуэдизу зыкъизых Бжьыхьэ и гукъеуэр гущӀыхьэт, уэшх пшыналъэм и нэпс фӀыхэлъалъэу. Ар-Гъэмахуэ хуэдэу Дыгъэ къызэримылъагъурт, а щхьэпсым гуащӀэу иритым хуэдиз езым къызэрылъымысырт. ФӀыгъуэу щыӀэр зыбгъэдэлъ Бжьыхьэ ар и гукъеуэу гъырт...гъут...зигъэшт...зишыхьт... Абы къыгурымыӀуэр зы закъуэт: Дыгъэ и бзийхэр Гъэмахуэ едэхащӀэми, абы и хъерыр зриту фӀыуэ илъагъур езы Бжьыхьэ зэрыарар. Бжьыхьэ хуэдэу хьэлэл а плӀым яхэмыт!

Зытхыжар АБРОКЪУЭ Беллэщ

# ІУЭРЫІУАТЭ



*Хуэфащэ псалъэхэр къахэфхыурэ усэхэм хэфтхэж, гукІэ зэвгъащІэми нэхъыфІыжщ.*

**Ди джэдыжьыр мэкъакъэ,**
**Къакъэ** _ _ _ _ _ _/*хужьыр, плъыжьыр, гъуэжьыр, удзыфэр*/
**КъекІэцІыр,**
**Абы и кІуэцІыр -** _ _ _ _ _ _ _ _/*къащхъуабзэ, гъуэжьыбзэ, фІыцІабзэ*/
**Джэджьей кърисшмэ -** _ _ _ _ _ _**,** /*кхъуэщыныфэ, балиифэ, шылафэ*/
**Псыуэ ирафыр -**_ _ _ _ _ _ _ _ _ _**,** /*морабзэ, щІыхубзэ, щхъуантІабзэ*/
**Хугуу ящыпыр** _ _ _ _ _ _**,** /*дыжьыныфэ, дыщафэ, тхьэмбылыфэ*/
_ _ _ _ _/*къэбыфэ, удзыфэ, гъуабжафэ*/ **дахэр –**
**Ди пщІантІэ,**
**ПщІантІэм дэмыхуэу**
**Мэбагъуэ!**

## Си кІущэ

_ _ _-_ _ _ _ _ _/*хьэу-хьэуурэ, къау-къауурэ, нау-наурэ*/
**Си кІущэ,**
**ЩІопщыкъур**
**Зи набдзэ,**
**Бжыхь дзакІэр**
**Зи гъуэгу,**
/*зи пэ, зи жьэ, зигу*/ _ _ _**цІыкІур**
**ІэфІылъэ,**
**Зи лъэ цІыкІур**
**Зи мажьэ,**
**Бэрэжьейр** _ _ _ _ _ _/*зи абгъуэ, зи жьауэ, зи жьэгу*/
**Жыг жьауэ**
_ _ _ _ _ _**,** /*темыпкІэ, щІэмылъэ, щІэмыхьэ*/
**Хьэщіэ къихьэм**
**Мытэдж,**
**Мытэджыххэу**
**Си кІущэ,**
**ЙокІуэщэхри**
**Мэдыгъуэ,**
**Дзыгъуэ цІыкІур**
_ _ _ _ _**,** /*егъагъ, егъалъэ, елъахъэ*/
**Зиплъыхьыжуи къотІыс.**





## КIэбышэ

**Зи нитIыр ____**/*гъуэжь, фIыцIэ, хужь*/
**Удзыпцiэр зи хъупIэ,**
_____/*пIапIур, пIырыпIыр, IэпIохуэр*/ **зи щIасэ,**
**Жэму къэсым ебу,**
**Къебуужыр зи анэ.**

## Мыстрэ, мыстрэ (хэтрэ хэтрэ?)

**Мыстрэ мыстрэ ______**/*зэфIэна, зэзэуа, зэкIужа*/**,**
**Мыст и накIэр**
**Щiиуда,**
**Мыстхэ дежкIэ ______**/*щIэлъэта, дэлъэда, хэлъэда*/
**Хьэ къарэжьыр ______**/*къеубза, къебзея, къыхуилъа*/**,**

**И псэ тIэкIур**
**ХуIуиха,**
**И лъэр ихьу ______**/*дэкIыжа, дэжыжа, дэлъэта*/
**Дзыгъуэ гъуэмбым _____**/*еIэба, иIэба, дэIэба*/
**Апэсищ кърихха,**
**КIэнфетищ къищэхуа,**
**Симыгъэшхыу**
**Ишхыжа.**

## ТхьэкIумэкIыхь

**ТхьэкIумэкIыхьым**
**И нэр ____** /*дыгъэ, мазэ, вагъуэ*/**,**
**Вагъэр и гъуэгу,**
**И гур къэрабгъэ,**
____/*блэм, бгъэм, Iэгъэбэгум*/ **щошынэ,**
**И тхьэкIумэр ____**/*дзагуэ, дзасэ, дзажэ*/
**И пэр______**/*баринэ, сыринэ, къатинэ*/
**МапкIэ, малъэ,**
**Мэбгъунлъэ,**
**Мэлъей,**
___/*блэ, бзу, бажэ*/ **лъэтари щIэрымыхьэ,**
**И фэр и бий.**



Зыгъэхьэзырар
***БАТЫР Людэщ***




# КЪУАЖЭХЬ ДЖЭГУ




Зыгъэхьэзырар
Хьэлилэ Милонэт

# ЩАКІУЭБЗЭ

(ЦІэимыІуэ) щакІуэхэм къагъэсэбэпу щытащ. Абы и щхьэусыгъуэр къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэм тетынущ.



- Ерыкъ, хъарзынэ - щакІуэ
- Щхъуэжь – дыгъужь
- Тхьэгъэц, кІэлъэф – бажэ
- Цыбэ, хъурыфэ – мэл
- Къуэш – шы
- Дзыгъуащэ – джэду
- ХъумакІуэ – ажэ
- Бжьэубгъу, бжьабэ – щыхь
- Лъэбыцэжь – мыщэ
- Домбей – бланэ
- Бырыб – кІэпхъ
- Дахэ – бжэн
- Къуэлшэн – къаплъэн
- КІэкІыхь, шабзэ, блашэ – блэ
- Гъурэ – ужьэ
- Нагъуэ – бжьо
- ПэщІэрывэ, пІащэжь – мэзыкхъуэ
- Бзаджэ – аслъэн
- Цымыудэ, Іупищ – тхьэкІумэкІыхь
- Лырышхэ - уашхэ
- ЩІырыпІ – щІыІуб



Зыгъэхьэзырар ***УЭЛДЖЫР Аринэщ***

# ЦIыхум и уасэр и лэжьыгъэрщ



## НЭХУЩ ЧЭРИМ, уэрэджыIакIуэ

Псалъэ гуапэм ущIеIэтэ, уэрэдым уеIэт.

Ещанэ классым сыщIэсу район зэпеуэм уэрэд щыжысIэрт. Абы кърихьэлIат телевиденэм и лэжьакIуэ ГъукIэлI Исуф. Япэ дыдэу зи щытхъу псалъэ зэхэсхар, сызыгъэгушхуар аращ. Абы телевиденэм сригъэблагъэу, класс нэхъыжьхэм щеджэ щIалэхэр си щIыбагъым къыдэту адыгэ уэрэдыжьхэр жызигъэIа иужьщ сэ къыщызгурыIуар зыгуэр зэрысхузэфIэкIынур. IэфIуи фIыщIэуи сигу къыхуинащ ар ди нэхъыжьыфIым.

ИужькIэ концертхэм сыхэту, цIыхухэм нэхъ сыкъащIэ хъуауэ и псалъэ гуапэ куэд утыкум щыжиIат КъБР-м и Президенту илъэс куэдкIэ щыта КIуэкIуэ Валерэ. АпхуэдэлIым и щытхъу псалъэм къару къуитынтэкъэ! IуэхуфI куэд си лъэпкъым хуэзлэжьыну сыхуейуэ нэхъри си уэрэдым зишэщIащ. Мис а цIыхуитIым я фIыщIэр зэи сигу ихунукъым. Зым гу къыслъитащ, адрейм сыщIиIэтэри си уэрэдыр гушхуауэ цIыхум яхэIуащ.

Уэрэджыiакiуэ сымыхъуамэ…

Сыщысабийм дзэ дохутыр сыхъуну сыхъуапсэрт, срилэжьэфынуи си къарум сыкъигъэгугъэрт. Нобэми сигу ихуауэ схужыIэнукъым.

Гъащlэм щапхъэ щысхуэхъуахэр

Зы цIыху щхьэхуэ мыхъуу, си къуэш нэхъыжьищри си дежкIэ щапхъэщ. Абыхэм ныбжьэгъу зэраIыгъыр си нэгу щIэкIыу, садэплъейуэ нобэм сыкъэсащ. Уи унагъуэм ущытхъужыныр адыгэм ди хабзэкъым, ауэ нобэ симыIэж си адэ-анэр, нэгъуэщIыпIэкIэ уимыгъэплъэн хуэдизу, сэркIэ щапхъэшхуэу зэрыщытари къыхэзмыгъэщын слъэкIынукъым. Абыхэм цIыхур фIыуэ ялъагъурт, дэтхэнэ зыми бгъэдыхьэкIэ, бгъэдэтыкIэ дахэ хуаIэу апхуэдэт.

Ущие

Си ущиер ягъэкъабылу къащтэну щытмэ, си щхьэм еспэсыр араци, укъэзылъхуахэр пщыгъупщэ зэрымыхъунур, укъызыхэкIа лъэпкъым пщIэ хуэпщIын, пхузэфIэкIыу уи къарум къыдэкIымкIэ уи лъэпкъым сэбэп ухуэхъун зэрыхуейр сабийми балигъми я гум илъыну захузогъазэ. Нэхъыжьхэм я деж къыщемыжьэ нэхъыщIэм зыхалъхьэнукъыми, щапхъэ нэс щIэблэм Тхьэм дахуищI.

## КIЭХУМАХУЭ ФАТIИМЭ, актрисэ

Си Iэщlагъэм езым сыкъыхихащ

…Актрисэ сыхъуну си пщIыхь къыхэхуэтэкъым сыщысабийм. Школым щекIуэкI нэгузыужь Iуэхугъуэхэм сфIэфIыпсу сыхэтт, ауэ пщIэ нэхъ зиIэу ялъытэ экономист IэщIагъэм зыхуэзгъэхьэзырырт. Зэгуэрым къуажэ еджапIэм щрагъэкIуэкIа «А ну-ка, девушки!» зэхьэзэхуэм сыхэтауэ, урысыбзэмкIэ ди егъэджакIуэр къызбгъэдыхьэ ри:«ФатIимэ,кхъыIэ, театрым хуеджэ,уэ утыкурщ укъызыхуигъэщIар», – къызжиIат. Абы жиIам си гум зыгуэр къыщагъэушри математикэр Iуагъэкlуэтат… Си адэ-анэр къыспэрыуакъым, тIуми творчествэр я псэм хэльти. Си анэм Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэмкIэ и институтым сишэри…сыкъащтащ. Ди республикэм сызэрыщеджам сыхущIегъуэжкъым, хьэкъыу спхыкIащи: зэчий убгъэдэлъмэ, ар зыми



птрихыфынукъым, уимыІэри къозытыфын зы егъэджакІуэ щыІэкъым. Абы щІэныгъэ къуитынщ, ІэщІагъэм и щэхухэм ухуригъэджэнщ. ГъэсакІуэми уи Іэзагъэр къызэкІуэцІихынщ, зригъэужьынщ, ауэ уимыІэр тІуми дэнэ къырахын?..

**Театрымрэ унагъуэмрэ сахэдэфынукъым.**

Театрыбжэр хуэсщІыжа нэужь, абдежым псори къыщызогъанэ. Роль зэгъэщІэни, репетицэ Іуэхуи зэи унэм здэсхьыркъым, си лэжьыгъи сытепсэлъыхькъым. Унэм сэ сыщынысэщ, сыщхьэгъусэщ, сыанэщ. Театрымрэ унагъуэмрэ сахэдэфынукъым, тІури – си гъащІэщ! Языхэзыр къысхуэту сыпсэуфынукъым. Насып сиІэщи, си унагъуэм сызэхащІыкІ, сэри си къалэнхэр екІуу зэрызэдэсхьыным яужь ситщ.

**Театреплъхэр псэкІэ зыхызощІэ**

Артист узыщІыр театреплъырщ. Театрым къекІуалІэ цІыхухэм я нэгу зедгъэужьыныр, ягу фІы яхуэтщІыныр, гупсысэ гуэрхэм хуэтшауэ е зыщІэгупсысыжу щІэкІыжыныр ди къалэн нэхъыщхьэщ. Абыхэм я лъагъуныгъэр апхуэдизкІэ зыхызощІэри, къару къызэзытыр ахэращ! Я Іэгуауэ, псалъэ гуапэ, тхыгъэ, тыгъэ – театреплъым я гулъытэм нэхъ гурыхь щыІэу сщІэркъым.

**Чэнджэщ**

ЦІыкІухэ,фи псэм фІэфІ ІэщІагъэ къыхэфхи абы фыхуэпэжу фыпсэу, насыпыфІэ фыхъуну фыхуеймэ. Театрыри зэи ІэщІыб фымыщІ.Театрми, мы иджыпсту фІыгъ сабий журналми я лъапІагъыр псалъэкІэ пхуэмыІуэтэн хуэдизщ! Балигъ фыхъумэ къывгурыІуэнущ.

## КЪАРДЭН МУРАТ, спорт лІыхъужь

**ГукъэкІыж**

Мы гъэм илъэс плІыщІ хъуащ ди къэралым щекІуэкІа Олимп джэгу-80-р зэрыщыІэрэ. А зэманым телевиденэм хужь-фІыцІэ плъыфитІым фІэкІа къимыгъэлъэгъуами, экраным дыкІэрыпщІауэ дыкІэрыст! Сэ илъэсибгъут сызэрыхъур. Си сабиигъуэм и гукъэкІыж нэхъыфІ дыдэхэм ящыщ зыщ ар! Нобэ хуэдэу си нэгу щІэтщ а зэхьэзэхуэм къыдигъэцІыхуа спортсмен гъуэзэджэхэр. Абы ятеухуа тхыгъэхэр, сурэтхэр газетхэм къыхэдгъэжурэ блынхэм фІэддзэрт, ещхь дыхъуну дыхъуапсэу.



**ЕхъулІэныгъэмрэ ерыщагъымрэ зэщщ**

Ди Зэрэгъыж ГъуэплъащІэ Замир щигъасэ гупым сыхагъэхьэн щхьэкІэ тхьэмахуэ енкІэ сылъэІуэн хуей хъуат. Абы щыгъуэм сэ сыдихьэхакІэт осетин бэнакІуэ цІэрыІуэ Андиев Сослъэн икІи 1976, 1980 гъэхэм ар Олимп чемпион щыхъуам зесхьа гуфІэгъуэр пхуэмыІуэтэнт. Дэнэ щысщІэнт илъэс тІощІ дэкІмэ апхуэдэ ехъулІэныгъэ сэри сиІэну.

Хуабжьу сахуэарэзыщ спортым япэ лъэбакъуэр щызэзыгъэча ГъуэплъащІэ Замир, тренер схуэхъуа Къалмыкъ Юрэ, си зэфІэкІыр зи фІэщ хъуа псоми. Налшык дыкъэІэпхъуа иужь сэ сызыхуеяр бэнэкІэ хуитырт, ауэ сызыхэхуар алыдж-урым бэнэкІэрати, зи нэІэ сыщІэхуа Лобжанидзе Владимир а спортыр фІыщэу сигъэлъагъури игъащІэ псокІэ зэрысхъуэжын щымыІэу сищІащ.

**ГуфІэгъуэ фыщымыщІэну!**

Сабиигъуэ насыпыфІэ иІэну сыхуейщ дэтхэнэ зыми. Фи гъащІэр дахэу, фи махуэр щІэращІэу, фызыхуейм фи Іэр техуэу, адэ-анэм я жыІэм фыщІэдэІурэ фызыхуэпабгъэр фІэкІыпІэ имыІэу къывэхъулІэу дунейм фытетыну сохъуахъуэ.

Зыгъэхьэзырар
***ИСТЭПАН Залинэщ***

# Псэущхьэхэр псэм пызыщӀ пщащэ



**Мы тхыгъэр зытеухуа Ехъутэныдж Алинэ Iэпщlэлъапщlэщ. Художественнэ школ щемыджэми абы езым зригъэсэжауэ хьэпшып цlыкlуфэкlухэр, сурэтхэр ещl, ещэ, къыщlихари псапэ lуэхум трегъэкlуадэ. Ямылейуэ псэущхьэхэр фlыуэ зылъагъу хъыджэбз цlыкlур ин хъумэ ветеринар lэщlагъэм хуеджэнущ, иджыкlэ ар ядоlэпыкъу псэущхьэ сымаджэхэм, къыкlэлъыплъын зимыlэ екlуэлlапlэншэхэм.**



Алинэ Налшык и Гимназие № 4-м 6-нэ классыр къиухащ, фортепианэм зыхуегъасэ, «Лондон Экспресс» еджапlэм инджылыбзэр щедж, спортми дехьэх. А псом ящыщу дэ гу зылъыттар илъэс 12 хъу пщащэ цlыкlум псапэ lуэхум хуэзэригъэгъуэта lэзагъэрщ. Сурэт щlыным дихьэх Алинэ мызэ-мытlэу щытекlуащ республикэ зэхьэзэхуэхэм. lэпэlэсэм игъэхьэзыр хьэпшып цlыкlухэм щlэупщlэ яlэщ, езым хуэдэ ныбжьыщlэхэм яфlэгъэщlэгъуэнщ. Псэущхьэ зеиншэхэр зыфlэпсэкlуэд Алинэ и мурадщ ветеринар хъумэ, абыхэм екlуэлlапlэ къахуэзэlуихыну. И ныбжь емылъытауэ ар псапэ lуэхум зэрыхэтыр зылъагъухэм ягъэщlагъуэ, къохъуэхъу, ягъэгушхуэ. Алинэ куэдкlэ къыдоlэпыкъу и дадэри.



«Къэрэкъан» студиер зыгъэлажьэ Къущхьэ Оксанэ, Алинэ и анэм жеlэ: «Сабий «хьэрычэт» lуэхум нэгъуэщlхэр зэреплъыр сщlэркъым, ауэ сэ Алинэ и lэрыкlхэр зэрищэр сфlэмыфlу, и ныбжьэгъухэм яхуигуэшмэ нэхъ къасщтэу чэнджэщ естырт. Иужькlэ, еджапlэм шэджэгъуашхэ ирищlыну ди хъыджэбзым lэщlэтлъхьэ ахъшэр псэущхьэхэм зэратригъэкlуадэр къыщытщlэм, дыпэрыуэн дэнэ къэна, дэ сабийр къэдгъэгугъащ и фондым хэлъхьэныгъэ хуэтщlыну. Догъэгушхуэ.

Унагъуэм хьэ, джэду, дыдыркъуш (попугай) диlэщ. Шыхэр апхуэдизкlэ фlыуэ елъагъури, шы зыгъэхъу Егъэн Ибрэхьим и деж щlэх-щlэхыурэ дошэ ди хъыджэбз цlыкlур».



Псэущхьэхэм гулъытэ яхуэзыщlу къыдэкlуэтей Ехъутэныдж Алинэ, дауи, балигъыми сабийми я щапхъэщ. Псэ зыlутыр щытыкlэ гугъу щихуэм и деж, абы гущlэгъурэ гууз-лыузрэ яхузиlэу къэхъу щlэблэм мыхъумыщlагъэ ялэжьынукъым.

«Нурым» и ныбжьэгъухэм къыфхэт Алинэ хуэдэу псапэ lуэху зылэжь? Къыфхэтмэ, фыкъатхэ, дызэрыцlыхунщ!

***ТЕКlУЖЬ Заретэ***

## «Нур еджакIуэ-2020» зэпеуэм хэтыну хуейхэм я лэжьыгъэ!

ЦIыкIухэ! Мы илъэсыр къызэрихьэрэ «Нур» журналым къытехуа псалъалъэхэм фелэжьамэ, кроссвордыр тынш дыдэу фхуэщIынущ. Жэуапыр журналым и электрон пощтым къевгъэхь. Япэу икIи пэжу къезыгъэхь еджакIуищым саугъэт къахьынущ.





***ЕКIУЭКIЫУ:*** 1. Коза. 3. Удила. 5. Строитель. 8. Потолочная балка. 9. Седло. 12. Незабудка. 13. Башлык. 14. Уздечка. 17. Подснежник. 18. Корсет. 19. Шаль. 21. Ландыш. 24. Амбар. 27. Бальзамин. 28. Одежда. 29. Рашпиль. 30. Нагрудное украшение. 31. Плетения разного вида из канители, служащие украшением адыгской национальной одежды.

***КЪЕХЫУ:*** 1. Хлев, коровник. 2. Машинист. 4. «Вперёд иголку». 6. Тыльная сторона дома. 7. Облепиха. 10. Певец. 11. «Наконечник стрелы». 15. Деревянный молоток. 16. Топор. 20. Столяр. 22. Зимнее помещение для улей. 23. Тяпка. 25. Коридор. 26. Нагрудник.

Зыгъэхьэзырар
***БЕКЪАН Масирэтщ***

**ХЪУЭКIУЭН Алихъан**
**Дзэлыкъуэкъуажэ щопсэу, илъэсих мэхъу. «Нурым» щIэх-щIэхыу къригъэхь и сурэтхэм къаIуатэ щIалэфIым псэущхьэхэр фIыуэ зэрилъагъур.**








***ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»***

Издается с 1 января 1982 года
№ 8 2020 г.

Учредитель:

Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
***Б. М. АБРОКОВА***

Художественный редактор
***М. ХАЛИЛОВА***

Компьютерная вёрстка
***Н. РАСТОРГУЕВОЙ***

Корректор
***Ф. КАШИРГОВА***

Редакционный совет:
***Х. КАРМОКОВ***
***Е. ТХАМОКОВА***
***Х. ТИМИЖЕВ***
***П. ХАТУЕВ***

Журнал зарегистрирован в управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01.2018 г.

Подписано к печати 04.09.2020 г.
Выход в свет 29.09. 2020 г.
Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7
Тираж 1479 экз.
Заказ № 1933
Индекс П 5896
Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик, пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
nur.kbr1982@yandex.ru

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.